**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—26.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ नव दिल्ली सँ वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यमे बिहार मे मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक शुभारंभ कयलनि। श्री मोदी बिहारक पचहत्तरि लाख महिला के बैंक खाता मे सात हजार पाँच सय करोड़ टाकाक राशि अंतरित कयलनि। प्रधानमंत्री मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक लाभार्थी लोकनि सँ वर्चुअल माध्यम सँ बातचीत सेहो कयलनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे केन्द्र सरकारक मुद्रा योजना, ड्रोन दीदी अभियान, बीमा सखी अभियान आ बैंक दीदी अभियान संपूर्ण देशक महिला लेल रोजगारक अवसर दऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे एहि कठिन परिस्थिति सँ लोक के निकालबाक लेल एनडीए सरकार लगातार काज कयलक अछि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा आ सांसद संजय कुमार झा तथा आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना के राजद द्वारा घोषित माई बहिन मान योजनाक नकल कहलनि अछि। श्री यादव आइ पटना मे संवाददाता लोकनि के जनौलनि जे केन्द्र आ राज्यक एनडीए सरकार विधानसभा चुनाव के देखैत महिला लोकनि के पाई दऽ रहल अछि। ओतहि, केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलनि जे मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना महिला लोकनि के अपन भविष्य लेल व्यवसाय स्थापित करय आ उद्यमी बनेबा मे सक्षम होयत। भाजपा अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि जे मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना सँ महिला लोकनि के स्वरोजगार मे मददि भेटत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ दरभंगा मे मिथिला संस्कृत स्नातकोत्तर अध्ययन आ शोध संस्थान परिसर मे आयेजित कार्यक्रम स्थल सँ तीन हजार चारि सय तिरेसठि करोड़ सँ

बेसीक लागतिवला संतानवे योजनाक रिमोटक माध्यम सँ उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। ओ संस्थानक निर्माण काजक भूमि पूजन सेहो कयलनि। एहि अवसर पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, प्रदेशक मंत्री संजय सरावगी, मदन सहनी आ जिवेश कुमार सहित सांसद गोपालजी ठाकुर आ आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह दू दिवसीय कार्यक्रम लेल आइ पटना पहुँचलाह। एहि सँ पूर्व श्री शाह बेतिया मे पार्टीक कार्यक्रम के संबोधित कयलनि। गृहमंत्री के आइ पटना मे पार्टी पदाधिकारी आ वरिष्ठ नेता सभ संग चुनावी रणनीति के लऽकऽ उच्च स्तरीय समीक्षा बैसार करबाक छनि। श्री शाह काल्हि अररियाक फारबिसगंज मे एक जनसभा के संबोधित करताह।

---

भाजपाक बिहार चुनाव प्रभारी आ केन्द्रीय मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान दावा कयलनि अछि जे आगामी बिहार विधानसभा चुनाव मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे एक बेर पुनःएनडीएक सरकार  बनत। श्री प्रधान चुनाव प्रभारी बनलाक बाद आइ पटना पहुंचलाह।

---

कांग्रेसक राष्ट्रीय महासचिव प्रियंका गांधी आइ पटना मे महिला संवाद कार्यक्रम मे भाग लेलनि। कांग्रेसक प्रदेश मुख्यालय सदाकत आश्रम मे आयोजित कार्यक्रम मे प्रियंका गांधी मनरेगा कामगार, आशा कार्यकर्ता, आंगनवाड़ी सेविका समेत आनो महिला लोकनि सँ संवाद कयलीह। कांग्रेस महासचिव आरोप लगौलनि जे एनडीए गठबंधन लोकक संग फुसियौका चुनावी वादा कऽ रहल अछि।

---

एआइएमआइएमक प्रमुख असदुद्दीन ओवैसी सीमांचल न्याय यात्राक अंतर्गत आइ पूर्णिया जिलाक बायसी आ अमौर मे अलग–अलग स्थान पर जनसभा के संबोधित कयलनि।

———————————————————————————————

राजदक पूर्व नेता तेज प्रताप यादव नव पार्टी बनेबाक घोषणा कयलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ जनौलनि जे हुनक नव पार्टीक नाम जनशक्ति जनता दल होयत, जकर चुनाव चिन्ह ब्लैक बोर्ड राखल गेल अछि।

———————————————————————————————

शारदीय नवरात्रक आइ पांचम दिन सेहो चतुर्थी तिथि हेबाक कारणे आइयो देवीक चारिम स्वरूप कुष्मांडाक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। प्रदेशक जिला सभ मे कतेको ठाम चौक–चौराहा पर पूजा पंडालक निर्माण अंतिम चरण मे अछि। विभिन्न शक्तिपीठ आ भगवती स्थान सभ मे विशेष पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी एक सोशल मीडिया पोस्टक माध्यम सँ नवरात्रक पांचम दिन देशवासी लोकनि के शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————————

बंगालक खाड़ीक ऊपर एक निन्म दबावक क्षेत्र बनबाक कारणे अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक अधिकांश भाग मे आंशिक अथवा मध्यम बरखा भऽ सकैत अछि। मौसम विभागक अनुसार एहि क्रम मे प्रदेशक दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भागक किछु जिला मे कतहु–कतहु तीस सँ चालीस किलोमीटर गति सँ हवा चलबाक संभावना अछि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल।